3. Пуляевская А.Н. Google Form: возможности для педагога – URL: http://nitforyou.com/google-formy/.
4. Как создавать и оценивать тесты в Google Формах. – URL: https://support.google.com/docs/answer/7032287?hl=ru.
5. Pardayev S. M. Formative assessment as a tool for monitoringstudents' individual learning achiyevements at school // TJE - Thematic journal of Education ISSN 2249-9822 Vol-8-Issue Q1- 2023 http://thematicsjournals.in/index.php/tje UIF 2020= 7.528 IFS 2020= 7.433 2022 sjifactor 4.549 Pages: 103-111. https://thematicsjournals.in/index.php/tjed
6. Pardayev S.M. (2023). Possibilities of using digital platforms for assessing individual educational achievements of students. *Journal of Advanced Scientific Research (ISSN: 0976-9595)*, *3*(10).

**REZYUME.** Ushbu maqolada oʻquvchilarning bilim, koʻnikma va malakalarini onlayn nazorat qilish va baholashda onlayn servis Google Forms ning imkoniyatlaridan foydalanish haqida fikr yuritiladi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассматривается использование онлайн-сервиса Google Forms для онлайн-мониторинга и оценки знаний, навыков и умений учащихся.

**SUMMARY.** This article discusses the use of the online service Google Forms for online monitoring and evaluation of students' knowledge, skills, and abilities.

# XIX ӘСИРДИҢ АҚЫРЫ XX ӘСИР БАСЛАРЫНДА ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДАҒЫ МӘДЕНИЙ-ТАРИЙХЫЙ ШАРАЯТ ҲӘМ ЖӘДИДШИЛИК АҒАРТЫЎШЫЛЫҚ ҲӘРЕКЕТИ

**Қ.Сейтмуратов –** *педагогика илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сузлар:** таълим, тарбия, жадидчилик ҳаракати, жадид мактаби, дарслик, маданий-тарихий шароит.
**Ключевые слова:** образование, воспитание, джадидское движение, джадидская школа, учебник, культурно-историческое наследие.
**Key words:** education, upbringing, Jadid movement, Jadid school, textbook, cultural and historical heritage.

XIX әсирдиң ақыры XX әсир басларында қарақалпақ халқының мәдений-тарийхий турмысында ағартыўшылық ҳәм тәлим-тәрбия мәселеси өзине тән қубылыслар менен белгили болып, бул дәўирде жасларды миллий азатлық руўхында тәрбиялаў тийкарғы ўазыйпалардың бирине айланды. Бул мәселениң келип шығыўы XIX әсирдиң ақырғы шерегинде ҳәм XX әсир басындағы үлкеге кирип келе баслаған социаллық өзгерислерге, миллий ояныўға, жәдидшилик ҳәрекетлерине барып тақалар еди.

Қарақалпақстанда Россия ҳүкимранлығы орнатылғаннан кейин (1873) басып алыўшылықтың әскерий-административлик системасы орнатылды. Аўызбиршиликли қарақалпақ халқы Әмиўдәрьяның оң ҳәм сол жағалықларына бөлинип, бир-биринен бөлек еки басқарыў ҳәкимиятына тийисли болды. Шеп жағалықты (Хожели, Шоманай, Қоңырат) Хийўа ханлығына берип, оң жағалық (Шымбай, Шорахан, Төрткүл) Әмиўдәрья бөлими деп аталып, орайы Петро-Александровск (Төрткүл) етип белгиленди [1:13]. Бундай басып алыўшылық ҳәм езиўшилик халықтың ғәзебин келтирди.

Бул ҳаққында қарақалпақ халқының белгили шайыры, жәдидшилик ҳәрекетиниң актив ўәкили Сыдық Тоқпан улы (1857-1917) өзиниң «Заман» атлы қосығында: «Журтымыз екиге бөлинди, пуқара сарсан болды», «Анаў жағада (Әмиўдәрьяның шеп тәрепинде) ярым хан болды, сүўрети бар бийжан болды», солар бийлик жүргизди, «Мына тәрепте рус ҳәким, қайғыға толып тур жүрегим», - деп жазады. Сондай-ақ, ол «Кетти елдиң димары, магар ақыр заман болды» [2:76], деп, халықтың қыйыншылық көрип атырғанлығын өткир қосық қатарлары менен айтып өтеди.

Лекин, патша Россиясының басып алыўшылық мақсетлерине қарамай ўақыттың өтиўи менен үлкеде капиталистлик қатнасықлар орын алып, социаллық ислеп шығарыў күшлери арта баслады. Н.И.Ильминский усылындағы түркий халықларды русластырыўды нәзерде тутқан мектеплер шөлкемлестириле баслады. 1874-жылы Петро-Александровскийде (Төрткүлде) еки билим журты ҳәм еки жергиликли рус мектеби (1878) ашылды. Соң бундай мектеплер Шымбай ҳәм басқа районларда да шөлкемлестирилди.

Россиядағы теңсизликке, езиўшиликке наразылығы ушын Россия патшасы 1875-жылы Ураллы қазақлардан 10000 адамды Қарақалпақ аймағына жер аўдарған. Сол дәўирдеги Россия патшасының сиясий тутқынларды сүргин ететуғын орынлардың бири –Мойнақ районы болып, ол жерде XX әсир басында 230 дан аслам рус шаңарақлары жасаған [3:10]. Олар өзлерине тән еркинлик, демократия ҳаққындағы түсиниклери, патша Россиясына болған наразылық көзқараслары менен ажыралып турған. Өзлери жыйналып, өз перзентлери ушын рус мектебин ашқан. Бул мектептеги оқытыў усыллары жергиликли ески мектеплердегиден өзгеше еди.

Қарақалпақстанда жәдидшиликтиң пайда болыўының үш факторы: панисламизм, татар жәдидшилиги ҳәм демократиялық идеялар (Күнхожа, Ажинияз, Бердақ, Өтеш ҳ.т.б.) тийкарында жүзеге келгенлиги мәлим.

Мағрыйпатшылық идеясынан жетилисип шыққан жәдидшилик миллий ояныў ушын шараят таярлап, халықты дүнья мәденияты жетискенликлеринен хабардар етиўге мүнәсип еди. Нәтийжеде, олар социаллық-сиясий сана-сезими жетилисип, өзлериниң алдына үлкен ўазыйпалар: миллий ояныўды, миллий азатлықты нәзерде тутып ҳәрекет ете баслады. Мағрыйпатшылықтың жоқарғы басқышы тәризинде пайда болған жәдидшилик ҳәрекети билим тараўын реформалаўды ғәрезсизлик ушын гүрестиң тийкарғы қуралы деп есаплады.

1905-1906-жыллары Хийўа қаласында Бас ўәзир Исламхожа ҳәм Камил дийўанбеги басшылығында «Жас Хийўалықлар» [4:28] ҳәрекети шөлкемлестирилип, бул ҳәрекет Хийўа ханлығына қарaслы Қарақалпақстан аймағында да (Хожели, Шоманай, Қоңырат) үлкен тәсир күшине ийе болды. Усы дәўирде Әмиўдәрьяның оң жағалаўына тийисли болған Петро-Александровскийде (Төрткүлде) жәдидшилик бирлеспеси социаллық педагогикалық ҳәрекети «Қайырқомлық жәмийети» (1907) дүзилди.

Жәдидшилик әсиресе биринши ҳәм екинши рус революциялары аралығында ҳәўиж алды. Социаллық-педагогикалық ҳәрекетлер тәсиринде жаңа усылдағы мектеплер көплеп ашыла баслады. 1907-жылы Төрткүлде «Қайырқомлық жәмийети» басламасы менен ашылған жәдид мектебинен тысқары Хожели, Қоңырат ҳәм басқа қалаларда да жаңа усылдағы мектеплер иске түсти. Хожелидеги Авазжан хожаның ҳәўлисинде ашылған азербайжанлы Юсуф Ахмедов шөлкемлестирген жәдид мектеби (1909-1916) айрықша дыққатқа ылайық болды.

1909-1913-жылларда Қоңыратта жасап жумыс ислеген атақлы өзбек шайыры Мухаммедшариф Суфызада шөлкемлестирген жәдид мектеби, 1911-жылы Қоңыратта Қ.Ахмедов тәрепинен ашылған, Қазан қаласынан шақырылған тәжирийбели педагог Ахмад Зокир Ботиров оқытыўшылық еткен жаңа усыл мектеби, 1912-жылы Сейфулғабид Мажитов ашқан жәдид мектеби жасларға билим бериў ҳәм оларда сиясий сананы пайда етиўде өз алдына көзге тасланады. Жәдидши шайыр

Қазы Мәулик тәрепинен Шымбайда шөлкемлестирилген жаңа мектеп балаларды бийпул аўқатландырып, тәлим берген. Усы қалада башқурд Аббас Амантаев оқытыўшылық еткен жаңа усылдағы мектеп 1912-жылдан баслап он жыл ишинде 400 ге жақын балаларды саўатлы етип шығарып, олардың руўхый жақтан раўажланыўын тәмийинлеген.

XX әсир басында Қарақалпақстан аймағында 20 ға жақын жәдид мектеплери жумыс ислеп, жасларға анық билимлер бериў арқалы оларды сиясий-рухый жақтан тәрбиялаўға, халықтың колониал дәўирдеги турмысының аўыр жағдайда екенлигин түсиндириўге, оларды миллий ғәрезсизлик руўхында тәрбиялаўға ҳәрекетлер исленген.

Усы дәўирде Қарақалпақстандағы ғәрезсизликке ерисиў ҳәрекетиниң актив қатнасыўшыларының бири Қарақум ийшанның ақлығы Мухаммед Идиристиң (1869-жылы туўылған) хызмети уллы болды. Ол қоңсы түркмен елиндеги Жунайдхан менен тил бириктирип, ғәрезсизликке ерисиўди конституциялық жол менен әмелге асырыўға ҳәрекет етти. Лекин, тынышлық пенен ғәрезсизликке ерисиўдиң иләжсыз екенлигин түсинип жеткен Идирис ийшанды қозғалаң көтермекши деп ақ патша (1916) қамаққа алады. Бул ҳаққында молла Абдулла «Қарақум ийшан дастаны»нда «Әдил болып сорамады орысың» деген сиясий-социаллық талаплар менен шыққан еди.

Жәдидлер ғәрезсизликке ерисиў жолын таңлаў мәселесинде революциядан алдын еки топарға бөлинип кеткен еди. Биринshиси - миллий азатлықты қолға киритиўде оны конституциялық жол менен алыўға ҳәрекет еткен, миллий азатлықты реформа арқалы әмелге асырыўға умтылған «оң» қанат жәдидшилик топары еди (Идирис ийшан, Аббаз шайырдың дәслепки жыллардағы хызметлери, Қазы Мәулик, Қыдырнияз шайыр, Сыдық Тоқпан улы, Жалий мақсым, Барлықбай болыс ҳ.т.б.). Булардың айырымларына кейиншелик «баспашылар», «халық душпаны» деген тамға басылды.

Екиншиси – миллий азатлықты қолға киргизиўде революциядан үмит еткен, белгили бир дәрежеде большевиклер менен байланысқа ийе «сол» қанат жәдидшилер ҳәрекети есапланады (С.Мажитов, Қулмурат шайыр, А.Мусаев, Жаңабай шайыр, Абдиқәдир шайыр, Омар шайыр, Қазақбай шайыр, Қудайберген шайыр, Сейдабулла шайыр ҳ.т.б.). Лекин, бул «оң» ҳәм «сол» қанат жәдидшилик ҳәрекетиниң еки топарыда халықты миллий азатлыққа умтылдырып, бир мақсетке ерисиўдиң еки түрли жолы менен ҳәрекет етти.

Түркистанда революция жеңиске ерискеннен кейин, Қарақалпақстан аймағының Әмиўдәрья бөлиминде 1917-жылдың декабринде совет ҳүкимети орнатылып, бул аймақ Түркистан АССР составына кирди. 1920-жыл апрелде Хийўа ханлығы аймағында Хорезм халық совет республикасы (1920-1924) шөлкемлескеннен соң, шеп жаға Қарақалпақстан аймағы Қазақ-Қарақалпақ автономиялық областы деп аталып, Хорезм республикасы қурамына киритилди. 1920-жыл декабрде Әмиўдәрья бөлими Түркистан АССРының Әмиўдәрья областына айлантырылды. 1921-жыл 25-июнда областлық партия конференциясында Қарақалпақстан областлық партия шөлкеми рәсмийлестирилди.

1924-жыл 14-октябрде Пүтин Россия Орайлық Атқарыў Комитетиниң қарарына муўапық Орта Азия республикаларында миллий мәмлекетлик шегаралаңыўы процесинде Түркистан АССРының көбирек қарақалпақлар жасайтуғын жерлерин өз ишине алған Қарақалпақстан Автономиялық областы дүзилди. Оның қурамына Хорезм халық республикасының қарақалпақ округлери, Қазақ - Қарақалпақ автономиялы областы (Әмиўдәрьяның шеп жағасы) да кирди. Патша Россиясы дәўиринде екиге бөлинген қарақалпақ аймағы жергиликли зиялылардың басламасы ҳәм талабы менен қайтадан бирлестирилди. Қарақалпақ автономиялы областының дүзилгенлиги Қарақалпақстан Советлериниң 1-шөлкемлестириў съездинде Төрткүл қаласында 1925-жылы 12-19-февралда дағазаланды ҳәм нызам менен рәсмийлестирилди. Қарақалпақ автономиялық областы 1930-жылға шекем Қазақстан АССР қурамында, 1930-жыл 20-июлден 1936-жылға шекем РСФСР қурамында болды.

Революциядан соң Қарақалпақстанда жәдидшилик сөзин термин сыпатында қолланыў бир қанша азайды. Буның себеби «сол» топардағы жәдидшилер иләжсиз ўақтынша большевиклерге бирлесип, жәдидлердиң ғәрезсизлик алыў идеяларын совет ҳүкимети қурамында хызмет етип жүрип, кеўлиниң түбинде сақлап келди ҳәм жасырынша тийисли мәўритти күтип жүрди. Жәдидлердиң «оң» қанаты болса, «баспашылар» яки «халық душпаны», «жамай жаўы» деген атақларға ийе болып, жәдидлердиң алдына қойған миллий азатлық ушын гүрести ашықтан-ашық даўам еттирди. Олардың қатарына Жәлий мақсым, Барлықбай баспашы, Үсен қазаяқлы ҳәм т.б. киритиў мүмкин.

1918-жылы Әмиўдәрья бөлиминиң халық билимлендириў бөлими дүзилди. Жергиликли зиялылардың талабы ҳәм ис-ҳәрекетлери менен билимлендириў тараўы раўажлана баслады. 1923-жылы шөлкемлестирилген «Саўатсызлықты сапластырыў жәмийети» (ОДН) тек ғана область орайында ғана емес, район, қала орайларында да оның бөлимлери дүзилди.

1925-жылы қарақалпақ халқының ағартыўшы шайыры. жәдидшилик ҳәрекетиниң белсендилериниң бири Сейфулғабид Мажитов тәрепинен Ташкент қаласында араб әлипбеси қайта көрип шығылып, оны реформалаў тийкарында туңғыш қарақалпақ әлипбеси жаратылды ҳәм сол тийкарда оның авторлығында «Әлипбе», «Оқыў китабы» ҳәм «Егеделер саўаты» сабақлықлары жаратылды. Булар Қарақалпақстан автономияға ийе болғаннан кейинги жаңа алфавиттеги қарақалпақ тилиндеги биринши сабақлықлар ҳәм оқыў әдебиятлары еди.

Қарақалпақстанда ағартыўшылықтың раўажланыўында өзбек халқының туңғыш педагогы, шайыры, драматург ҳәм композиторы Ҳамза Ҳәкимзада Ниязийдиң де айтарлықтай үлеси бар. Ол 1922-1924-жыллар аралығында Қарақалпақстанның Мойнақ, Қоңырат қалаларында болады, Хожели қаласындағы 1-санлы Балалар үйинде директор ҳәм оқытыўшы лаўазымларында ислейди [5:40].

Жуўмақлап айтқанда, бул дәўир тек ғана бизиң үлкеде емес, ал дүньяның көплеген мусылман мәмлекетлери ушын ренессанс дәўири болды. Халықтың сиясий-руўхый көзи ашылды, ғәрезсизликке ерисиўде тәлим-тәрбияның орнын ҳәм әҳмийетин жетик түсинди.

Жәдидшилик ҳәрекети ҳәм оның ағзаларының көтерип шыққан идеялары тек ғана сол дәўир ушын емес, ал ҳәзирги дәўирдеде үлкен әҳмийетке ийе. Усыларды есапқа ала отырып, жәдидшилик ҳәрекетиниң мазмунмәнисин, оның тарийхын, терең мазмунға ийе болған идеяларын еле де тереңирек үйрениўимиз ҳәм ҳәзирги үзликсиз билимлендириў системасында жаслар тәлимтәрбиясында кеңнен пайдаланыўымыз лазым.

**Әдебиятлар**


1. Қосбергенов Р. Қарақалпақ халқының колониал дәўирдеги мәденияты ҳәм турмысы. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1970.
2. Сыдық Тоқпан улы. Заман. XIX әсирдиң ақыры XX әсир басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы. –Н.: «Билим», 1995.
3. Алеуов У., Сейтмуратов Қ. Қорақалпоғистонда жәдидчилик ҳаракати ва Сейфулғабид Мажидов. -Т.: «Фан», 2010.
4. Палванов Н. «Ёш хиваликлар» партияси фаолияти тарихидан Узбекистонда миллатлар аро мунасобатлар тарихидан. -Т.: Университет, 1998.; Махмудов Ғ. Жадид адабиётида истиқлол мавзуси. -Т.: «Узбекистон», 1999.
5. Ўрумбаев Ж. Хамзанинг Хўжайли интернатидаги педагоглик фаолияти. –Тошкент: «Ўқитувчи», 1969.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада XIX асрнинг иккинчи ярми XX аср бошларида Қорақалпоғистондаги маданий-тарихий шароит, жадидчилик ҳаракатининг кириб келиши, таълим соҳасидаги ислоҳотлар, жадид мактабларининг ташкил этилиши, янги авлод дарсликларининг чоп этилиши масалалари ҳақида сўз боради.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются культурно-исторические условия Каракалпакстана во второй половине XIX - начале XX века, возникновение джадидского движения, реформы в сфере образования, создание джадидских школ, издание учебников нового поколения.

**SUMMARY.** The article examines the cultural and historical conditions of Karakalpakstan in the second half of the 19th - early 20th centuries, the emergence of the Jadid movement, reforms in the field of education, the creation of Jadid schools, and the publication of new generation textbooks.

## MEDIATA'LIMNING DIDAKTIK XUSUSIYATLARI VA FANLARGA INTEGRATSIYALASHNING SHART-SHAROITLARI

**D.Q.Sultonov –** *stajyor o'qituvchi*

*Ajiniyoz nomidagi Nukus davlat pedagogika instituti*

**Tayanch so'zlar:** axborot, illyustratsiya, motivatsiya, integratsiya, prognoz, tizimlashtirish, transformatsiya, nazorat, tekshirish, muvofiqlashtirish, aloqa, didaktika, funksiya, axborot, media matnlar, tabiatshunoslik, aloqa, o'rganish, moslashtirish, izohlash, tuzilish.

**Ключевые слова:** информация, иллюстрация, мотивация, интеграция, прогноз, систематизация, трансформация, контроль, верификация, координация, коммуникация, дидактика, функция, информация, медиатексты, естествознание, коммуникация, обучение, адаптация, интерпритация, структура.

**Key words:** information, illustration, motivation, integration, forecast, systematization, transformation, control, verification, coordination, communication, didactics, function, information, media texts, natural science, communication, learning, adaptation, interpretation, structure.

O'qituvchi mehnat qurollari o'qitish vositasi ekanligini hamma biladi. Ularni o'quv maqsadlariga erishish uchun foydalaniladigan barcha moddiy obyektlar deb hisoblash mumkin. Asboblarning bir qismi mutaxassislar tomonidan, ba'zilari esa o'qituvchi tomonidan tayyorlanadi. O'quv jarayoni amalga oshiriladigan bino va inshoatlar, mebel va o'quv qurollari bilan birgalikda ular maktabning o'quv-moddiy bazasini tashkil qiladi.

O'quv jarayonini tashkil etishda o'quv vositalariga yetarlicha baho bermaslik alohida o'qituvchilardan boshlab, metodistlargacha bo'lgan turli darajalarda sodir bo'ladi. Argument juda oddiy: nima uchun bizga maxsus vositalar kerak, agar siz darslik, bo'r va doska bilan ishlasangiz.

Darhaqiqat, V.A.Jukovskiy na film lentalari, na videofilmlar va kompyuter dasturlariga ega bo'lmagan holda juda muvaffaqiyatli dars berdi. Fransuz didaktiklari L.Porshe va P.Ferranlar XX asr pedagogika fanining rivojlanishidagi eng muhim voqealardan biri sifatida o'qitishning texnik vositalarini qo'llashni bejiz aytishmagan. O'quv qurollari o'quv jarayonining katta imkoniyatlarini yashiradi va ularga nisbatan salbiy munosabat, birinchi navbatda, o'qituvchining darsda va mavzu bo'yicha darsdan tashqari ishlarda ulardan foydalanish usullari haqida maxsus bilimga ega emasligi bilan bog'liq. Ikkinchi sabab - o'quv qurollarining alohida na'munalarining sifati pastligi, ulardan foydalanish ta'lim sifatiga zarar keltiradi [1].

Bugungi kunda ta'lim mazmuni hajmi va uni rivojlantirishga ajratilgan vaqt o'rtasidagi nomuvofiqlik muammosi dolzarbligicha qolmoqda. Bu ayniqsa, tabiatshunoslik siklining predmetlarida yaqqol ko'rinadi. Psixologik-fiziologik va pedagogik-ergonomik talablar asosida tuzilgan tayanch o'quv dasturi doirasida soatlarni yanada ko'paytirish mumkin emasligi ko'rsatilganligi sababli, ta'lim bilimlarini birdaniga uzatishning yangi usullarini izlash kerak. O'rganganga kim o'rgatadi va yangi vositalar muqarrar ravishda yangi o'rganish vositalarini talab qiladi.

O'quv qo'llanmalarning tasnifi ikkita tushunchaga bo'linadi: texnik o'qitish vositalari (TO'V) va ekranli ovozli o'qitish vositalari (EOO'V).

TTQ turli xil texnik qurilmalar bo'lib, ular inson faoliyatining turli sohalarida qo'llanilishi mumkin [2].

Misol uchun, proyeksiya apparati ham dam olish sohasida, ham ta'lim sohasida qo'llaniladi. Kompyuter nafaqat matematik hisob-kitoblar va modellarni qurish vositasi, balki yozuvchi, bastakor ijodi uchun vosita, uyda bo'sh vaqtini tashkil qilish uchun asbobdir. Ushbu texnik qurilma TO'V va EOO'V o'rtasidagi farqni aniq ko'rsatadi.

EOO'V – bu ma'lum bir vositada o'rnatilgan va unga kirish uchun texnik vositalardan foydalanishni talab qiladigan ta'lim ma'lumotlari. Zamonaviy EOO'V bir nechta kichik turlar bilan ifodalanadi: rasmli (slaydlar), bannerlar, kinofilmlar, videolar, televizion o'quv dasturlari, dasturiy pedagogik vositalar. Ulardan haqiqiy ekran tovushi filmlar, videofilmlar va ta'lim maqsadlariga erishish uchun mo'ljallangan multimedia kompyuter dasturlari.

Asosiy o'quv rejasining barcha fanlari bo'yicha o'quv qo'llanmalari tarkibiga kompyuterning kiritilishi g'alati hodisa emas edi: kompyuter dastlab maktabda foydalanish uchun mo'ljallanmagan boshqa texnik o'quv qurollari yo'lidan bordi. Kompyuterning eng muhim xususiyati interaktivlik emas, balki o'qituvchi tomonidan mustaqil ravishda ishlab chiqish va o'z o'quv qo'llanmalarini yaratish imkoniyatidir. Bunga boshqa dasturlarni, shu jumladan dasturiy pedagogik vositalarni yaratishda foydalaniladigan kompyuter dasturlarini ishlab chiqishda erishilgan yutuqlar yordam beradi.

Har qanday o'quv vositasini ishlab chiqishda tanlangan axborot tashuvchisi tomonidan qo'yilgan cheklovlarni hisobga olish kerak.

O'zingizning o'quv vositangizni yaratishni boshlaganingizda, tanlangan ma'lumot tashuvchining texnik imkoniyatlarini hisobga olmasdan, unga hech qanday didaktik funksiyalarni mexanik ravishda tayinlay olmasligingizni yodda tutishingiz kerak. Keling, ma'lumot tashuvchisi tomonidan yuzaga kelgan ba'zi cheklovlarni keltiraylik.

O'quv quroli: darslik, topshiriqlar to'plami

Cheklovlarga misollar: statik, ovozning yo'qligi, operatsion yordam, ma'lumotni olish va yaratish qobiliyati, o'rganilayotgan obyekt yoki hodisaga ta'sir qilish va bu ta'sirning oqibatlarini kuzatish qobiliyati.

O'qitish vositasi: bosma ish kitobi

Cheklovlarga misollar: statik, tovush yetishmasligi, o'rganilayotgan obyekt va hodisaga ta'sir qilish va bu ta'sirning oqibatlarini kuzatish qobiliyati.

O'qitish vositasi: film lentalari

Cheklovlarga misollar: statik, yozib olish, ovoz yozish, o'rganilayotgan obyektga ta'sir qilish va bu ta'sirning oqibatlarini kuzatish.

O'quv quroli: dasturiy pedagogik vositalar

Cheklovlarga misollar: kompyuter ekranini idrok etish usulidan kelib chiqadigan cheklovlar [3].

O'z ta'lim vositangizni ishlab chiqishda cheklovlarni bilishning o'zi yetarli emas. Ayrim turdagi o'quv qurollarining qanday didaktik xususiyatlari borligini ham bilish kerak. Ushbu xususiyatlar diqqat bilan o'rganilgan va maxsus adabiyotlarda batafsil tavsiflangan, afsuski, o'qituvchi uchun mavjud emas.

Media xabarlarning didaktik xossalari va vazifalari bevosita axborot vositalariga bog'liq bo'lmagan media matnlarning xususiyatlari bilan bog'liq. Masalan, bosma matnlarning xossalarini o'rganish ularni uch guruhga